

SD NEGERI KARANGREJEK 1

Kelas VI

Bahasa Jawa

Materi : MUSEUM

Ayo semaken wacan iki!

Museum Yogja Kembali



id.wikipedia.org

Dina Rebo klase Bima belajar luar sekolah menyang Monumen Yogya Kembali. Mangkate jam 09.00, tekan monumen jam 10.15. Bocah-bocah didumi tiket banjur antri mlebu ing monumen.

Monumen Yogya Kembali dumunung ing Jongkang, Sariharjo, Ngaglik, Sleman. Monumen Yogya Kembali pinangka tetenger sejarah mundure tentara Walanda saka Ngayogyakarta tanggal 29 Juni 1949. Monumen dibangun awit prakarsane Kolenel Sugiyarto, wali kota Ngayogyakarta wektu kuwi. Peresmian monumen lan tandha tangan prasasti tanggal 6 Juli 1989 dening Presiden Suharto.

Bocah-bocah mlebu njujug ing taman sisih ngarep. Ing taman dipajang meriam gawean Rusia lan replika pesawat guntai lan pesawat cureng kang nalika semana digunakake kanggo penyerangan.

Tekan ngarep monumen Pak Guru dhawuh supaya bocah-bocah ora pisah karo klompoke. Saben klompok diparingi lembar tugas sing kudu digarap. Sawise kempit anggone padha maspadakke isine monumen, banjur bali ing sekolahan. Tekan sekolahan ora terus padha mulih, nanging nggarap laporan.

(Sumber: Buku Panduan Museum-Museum Daerah Istimewa Yogyakarta)

Ayo njodhoke istilah lan tegese kanthi mindah jawaban !

- | | |
|-------------------|--------------------------------|
| 1. Monumen = ... | Tuntas |
| 2. Tetenger = ... | Dokumen papan sing atos |
| 3. Prakarsa = ... | Wong kang ngajak |
| 4. Prasasti = ... | Tandha |
| 5. Replika = ... | Papan sing nduwe nilai sejarah |
| 6. Kempul = ... | Tiruan |

Ayo njodhoke paribasan lan tegese kanthi gawe garis!

- | | |
|--------------------------------|---|
| Kegedhen empyak kurang cagak | Wong tua sinau karo wong enom |
| Kebo kabotan sungu | Wong ngarep-arep kang utung mesti kelakon |
| Kebo nusu gudel | Wong rekasa amarga akeh anak |
| Kacang mangsa tinggal lanjaran | Kegedhen karep kurang srana |
| Njagakake endhoge si blorok | Kapribaden anak mirip wong tuane |